



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, DIRIJAN MAJORITE SKELOS, AK PÒTPAWÒL HEASTIE
ANONSE YON AKÒ SOU BIDJÈ 2015-16 LA**

Bidjè a Gen Ladann Refòm Edikasyon ak Investisman Total Kapital

Refòm Etik Revolisyonè Gen Ladann Lwa pi Solid ak pi Konplè pou Otorite Piblik

Investisman \$5 Milya nan Ekonomi Eta New York

Ogmantasyon Depans Kontinye Rete Anba 2% pou 5yèm ane youn dèyè Lòt

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, ak Prezidan Asanble a, Sheldon Carl Heastie, anonse jodi a yon akò yo jwenn sou Bidjè Eta New York pou ane 2015-16 la.

Akò sou Bidjè a gen ladann refòm edikasyon ak investisman total kapital , yon ansanm etik ak lwa sou mete deyò enfòmasyon pi solid pou lejislatè ki gen lòt sous revni, ak nouvo investisman nan rekonstriksyon ak devlopman ekonomi eta a, tankou \$1.5 milyon pou Inisyativ Remanbreman Rejyon Nò ak \$500 milyon pou fè New York vin premye kote nan peyi a ki genyen bann laj.

Akò sou Bidjè a kenbe ogmantasyon depans yo anba de (2) pousan pou senkyèm ane youn dèyè lòt, sak kenbe yon rekò disiplin fiskal ki chanje plizyè deseni bidjè eta kote depans yo te monte nan yon pousantaj ki pi wo pase ogmantasyon enflasyon oswa revni pèsonèl.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Ak akò sa, n ap atake pwoblèm tèt chaje ki trakase eta nou an pandan plizyè jenerasyon. Apre plizyè dizèn lane kòm lidè peyi a nan depans edikasyon men ki pa bay rezilta, New York pral bay yon egzanp pou tout lòt eta a ki gen yon modènizasyon konplè biwokrasi edikasyon anrasinen an. Refòm sa yo – ki vini ak yon investisman lajan san parèy – pral bay elèv priyorite grasa sans responsablite lap pote nan salklas, rekritman ak rekonpans pou meyè pwofesè nou yo, bese pi ba kantite tès ki twòp, epi pou fini konfwonte lekòl nou yo kap echwe depi lontan.

“Mwen te di mwen pa tap vote yon Bidjè ki pa gen refòm etik, e Bidjè sa fè egakteman sa, li mete kanpe regleman pi solid ak pi detaye pou peyi a ka mete deyò enfòmasyon sou lòt sous revni otorite piblik yo, li refòme sistèm per diem lan yo tap abize pandan lontan, li elimine pansyon piblik pou sila yo ki abize konfyans piblik la, li defini epi elimine itilizasyon pèsònèl lajan kanpay, epi li ogmante transparans depans endepandan.

“Sa se yon Bidjè ki rann tout Nouyòkè fyè.

“Mwen felisite Prezidan Heastie ak Lidè Majorite Skelos, ak kolèg yo nan Lejislati a pou travay di yo ak lidèchip yo nan rive jwenn akò sa.”

Lidè Majorite Sena Dean G. Skelos te deklare: “Mwen kontan nou rive nan yon akò sou bidjè responsab ki egziste anndan plafon depans 2 pousan, ki rejte ogmantasyon taks epi satisfè bezwen chak rejyon eta sa – sa ki montre priyorite konferans Sena Repibliken nou an. Grasa yon diminyon estraòdinè nan Ajisteman Eliminasyon Eka ansanm ak yon ogmantasyon èd pou lekòl anviwon 1.4 milya, elèv pral kontinye jwenn resous yo bezwen pou aprann ak epanwi. Bidjè a gen ladann tou yon plan direktè pou nouvo refòm enpòtan ki fèt pou amelyore pèfòmans nan salklas la, diminye kantite tès ki twòp, epi ankouraje ekselans nan ansèyman. Mete sou sa, nou fè investisman si nan enfrastrikti nou yo pou kreye nouvo dyòb epi ankouraje sektè prive a pou l konstwi ak pwospere. Nan travay ansanm, Lejislati a ak Gouvènè a ranfòse anpil lwa sou etik ak divilgasyon enfòmasyon eta a pou amelyore transparans epi rejwenn konfyans piblik la. Mwen remèsye Gouvènè a, Prezidan Heastie, Senatè Klein ak tout manm sena ak asanble a pou travay di yo ak kontribisyon yo nan Bidjè ki pibliye ane sa, nou espere kap vote alè anvan premye avril.”

Prezidan asanble Carl E. Heastie te deklare: “Pandan tout pwosesis Bidjè sa, Majorite Asanble a te pwomèt pou l kanpe fèm pou fanmi New York. Plan finans sa founi ogmantasyon istorik nan bourad lajan pou edikasyon timoun nou yo, finansè inisyativ Wout Edikasyon Siperyè pou Rive nan Siksè, bay lojman ki gen sekirite eki bon mache pou yon kantite Nouyòkè kap vin pi plis eki prèske ap pèdi kay yo, epi devlope ekonomi nou an. Mwen sitou fyè akò sa chita sou valè fondamantal nou yo pou konsolide fanmi nou yo, ankouraje kominote nou yo epi remete lafwa nan gouvènman nou an. Mwen remèsye Gouvènè CUomo ak kolèg nou yo nan Sena a pou travay di yo nan monte yon bidjè ki pral ede New York vanse.”

Depans

Akò bidjè a gen ladann depans nan kategori annapre yo:

- Total Lajan Fonksyònman Eta as: \$94.25 milya; 2.0% ogmantasyon
- Èd pou Lekòl: \$23.5 milya; 6.1% ogmantasyon
- Medicaid: \$17.741 milya; 4.6% ogmantasyon
- Lajan ki soti nan aranjanman finansye: \$5.4 milya, ki gen ladann \$1.5 milya pou Inisyativ Remanbreman Rejyon Nò a ak \$500 milyon pou fè New York vin premye kote nan peyi a ki gen bann laj nan tout eta a.

Lendi w ap jwenn tout detay ak lang.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418